



Maladi Enflamasyon Pelvyèn

Ki sa Malady Enflamasyon Pelvyèn lan yé ?

Maladi Enflamasyon Pelvyèn se yon enfeksyon matris, tromp falop (tib ki transpòté zé sot lan ovè rivé lan matris) e tout lòt sistèm repwodiksyon. Se sèlman fanm ki ka gen maladi sa-a.

Ki jan moun ka pran Enflamasyon Pelvyèn ?

Enflamasyon Pelvyèn sé yon maladi ki transmèt seksyèlman (MST) e ki trè grav tankou Klamidia, Ekoulman, transmisyon an fèt lè jèm lan ataké system repwodiksyon.

Men ki jan ou ka ogmanté risk pou enfekte.

- Fè sèx ak kapòt ki pa latex ou di mwens polyurethane
- Fè sèx ak plisyè moun
- Gen diferan lòt MST ou VIH
- Fè sèx pandan ou tèt soulé (high) swa sou dròg ou soul an bwè kleren ka ogmanté risk pandan ké lap diminye chans pou mété kapòt la byen

Ki moun ki gen plis chans pran Enflamasyon Pelvyèn?

Tout fanm ki ap fè sèx souvan ka pran Enflamasyon Pelvyèn men gen fanm ki gen plis risk pasé lòt. Men fanm ki gen plis risk yo sé : Fanm ki gen mwens ké 25 lané, fanm ki fòse dlo antré lan vajen yo lè yap fè twalèt yo, fanm ki itilizé métòd planin (IUD) aparèy kont gwòs, fanm ki té gen Enflamasyon Pelvyèn déjà e fanm ki gen Klamidia ou di mwens Ekoulman gen plis chans pou gen Enflamasyon Pelvyèn.

Ki Sentòm Enflamasyon Pelvyèn?

Sentòm Enflamasyon Plevyèn ka varyé sot lan ti bagay piti rivé lan anpil komplikasyon, anpil fwa yo gen dwa pa menm realizé sa. Men sa ki pi komen pou fanm ki gen sentòm yo:

- Anba ti vant fè mal ak do fè mal
- Fyè
- Ekoulman ké ou pat konn abityé wè, likid kap soti lan vajen e ki gen move sant
- Li fè mal e brilé lè wap pisé oswa lè wap fè ak seksyèl
- Bay san menm lè ou pa gen règ
- Yon lè konsa ou ka gen doulè anho vant ou

Eské Enflamasyon Pelvyèn sé yon maladi konpliké ?

Si li pa treté, Enflamasyon Pelvyèn ka la kozé domaj lan sistèm repwodiksyon tromp falop (tib ki transpòté zé sot lan ovè rivé lan matris) pou tout rès lavi-ou. Domaj say o ka lakòz anpil konplikasyon tankou pa ka fè pitit, doulè lan pelvik tan zan tan. Gen lòt fanm ki ka menm rivé genyen gwosès estopik (poté pitit ou fetis deyò matris). Fanm ki gen Enflamasyon Pelvyèn plis ké yon fwa gen plis chans pou gen yon lan konplikasyon sa yo.

Kijan poum fè konen si mwen gen Enflamasyon Pelvyèn ?

Enflamasyon Pelvyèn difisil pou rekonèt paské anpil fanm pa gen sentòm. Doktè sipozé fè yon ekzamen fizik, ou di mwens pran yon aplikatè pasé li koté ki enfekté-a e voyé al fè tès pou klamidia ou Ekoulman. Li enpòtan pou ou di doktè-a tout kalité sentòm ké ou santi e palé-l dé vi seksyèl ou.

Eské Enflamasyon Pelvyèn ka treté ?

Wi, Enflamasyon Pelvyèn ka treté e doktè ka shwazi pi bon pou tretman pou ou. Li enpòtan pou ou kontinyé pran tout medikaman ké doktè-a preskri, menm lè tout sentom volé gagè avan ou fin pran medikaman yo. Tretman pa ka fè anyen pou domaj ki déjà fèt, sé sak fè tanto ou kòmansé tretman pi bonè li

pi bon. Ak Tout moun ké ou té konn koushé ou tou moun ké wap koushé avèk yo kounye-a sipozé fè tès e treté pou lòt maladi (MST) konsa ou pap enfekté ankò.

Ki jan ké mwen ka evité trapé Enflamasyon Pelvyèn ?

Mwayen ki pi bon pou evité Enflamasyon Pelvyèn sé pran aksyon kont MST, e treté pi bonè si ou gen yon MST. Pou fanm ki ap fè sèx souvan, fè tès regilyèman pou MST ka pèmèt ou rekonèt enfeksyon an pi bonè.

Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen pou lòt malady ki transmèt seksyèlman MST. Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a 617-534-5050 ou 1-800-847-0710 ou di mwens al sou sit entènèt sa a <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

Kilè kilè mwen ta sipozé fè tès pou maladi MST ?

Sant ki kontwolé maladi ak prevansyon mandé pou moun fè tès sa yo shak ané :

- Tout moun ki ap fè sèx souvan e ki gen mwens pasé 25 lané
- Moun ki a risk, tankou :
 - Moun ki fè sèx san pwoteksyon (kapòt)
 - Moun ki gen plisyè lòt moun ké yap fè sèx avèk, ou di mwens nouvo moun wap fè sèx avèk
- Tout fanm ansent
- 3 mwa aprè ou fin treté pou yon maladi ké ou ka transmèt seksyèlman MST
- Shak fwa ké ou gen yon nouvo moun e ou pa konen si li pa malad

Koman mwen ka pwotejé tèt mwen kont Enflamasyon Pelvyèn ?

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou a 100% kont Enflamasyon Pelvyèn se pa al lan relasyon seksyèl. Si ou al lan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminyé shans pou trapé maladi MST yo :

- Toujou itilizé kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
 - Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshé fanm ansent, men pa ka anpeshé ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj sou MST e kòman nou ka fè tès pou konen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konen ké lè wap sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, shans lan ogmanté pou fè ak sèks san pwoteksyon
- Kontakté doktè ou si ou santi yon lan sentòm sa-a yo.

